

ABSTRAK

Siti Mariam Ulfah. 2017. Babandingan Struktur Komunitas Makrozoobenthos Pantai Karang sarta Padang Lamun di Basisir Sindangkerta Kacamatan Cipatujah Kabupaten Tasikmalaya. Dibingbing ku Drs. H. Ahmad Mulyadi, M.Pd. sarta Drs. Suhara, M.Pd.

Panalungtikan ngeunaan Babandingan Struktur Komunitas Makrozoobenthos Pantai Karang sarta Padang Lamun dipigawe dina zona litoral Basisir Sindangkerta Kacamatan Cipatujah Kabupaten Tasikmalaya, dina kaping 16 dugi 19 Mei 2017. Panalungtikan ieu gaduh maksad kanggo ngukur kaanekaragaman sareng kalimpahan makrozoobenthos sarta ngabandingkeun struktur komunitas makrozoobenthos nu aya di pantai karang sarta padang lamun kalawan ngagunakeun Indéks Sorensen. Méthode panalungtikan anu digunakeun nya éta méthode déskriptif sarta ngagunakeun desain panalungtikan Belt Transect-Quadrat anu diwangun ku genep setasion nu jarakna 50 meter antar setasion. Unggal setasion diwangun ku genep kuadrat anu ukuranana $1 \times 1 \text{ m}^2$ sarta jarakna 10 meter antar kuadratna. Nyandak contoh makrozoobenthos na ngagunakeun metode Hand Sorting. Data utami anu diukur nyaeta babandingan kaanekaragaman sarta kalimpahan makrozoobenthos kalawan ngagunakeun Indéks Sorensen sarta data pangrojong mangrupi paktor lingkungan anu ngawengku suhu, Dissolved Oxygen (DO), pH sarta salinitas. Dumasar kenging identifikasi sarta analisis data aya 69 spesies makrozoobenthos anu diwengku ku kelas Polychaeta hiji spésiés; Crustacea 14 spésiés; Filum Mollusca, 47 spésiés ti kelas Gastropoda jeung tilu spésiés ti kelas Bivalvia; Filum Echinodermata, dua spésiés ti kelas Ophiuroidea, jeung hiji spésiés ti kelas Echinoidea jeung Holothuroidea. Indéks Kaanekaragaman rata-rata makrozoobenthos di pantai karang sajumlah 2,167 sarta Indéks Kaanekaragaman rata-rata makrozoobenthos di padang lamun sajumlah 2,378, dua nilai Indéks kaanekaragaman éta kaasup kana kategori kaanekaragaman sedeng. Kalimpahan rata-rata makrozoobenthos di pantai karang sajumlah 42 Ind/m² sedengkeun kalimpahan rata-rata makrozoobenthos di padang lamun sajumlah 63 Ind/m². Diadema setosum (Echinoidea, filum Echinodermata) mangrupa spesies nu mawi langkung di pantai karang kalawan jumlah sadaya kalimpahanna 53 Ind/m² sedengkeun di padang lamun Clypeomorus petrosa (Gastropoda) mangrupa spesies anu mawi langkung kalawan jumlah total kalimpahanna 67 Ind/m². Kalawan sagemblengna bisa dicindekkeun yén kaanekaragaman sarta kalimpahan makrozoobenthos padang lamun langkung ageung batan pantai karang. Indéks Similaritas nunjukeun babandingan makrozoobenthos di pantai karang sarta padang lamun sajumlah 66% kalayan eta nunjukeun yen kadua ekosistem (pantai karang sareng padang lamun) ngabogaan kaayaan anu sami ngarojong kahirupan sarta ayana makrozoobenthos.

Kecap Konci: Struktur komunitas, Kaanekaragaman, Kalimpahan, Indeks Sorensen, Makrozoobenthos.